

Sa pou w atann: Enspeksyon an 4 Pwen



Devlope an patenarya ak Asosyasyon Entènasyonal Enspektè Kay Sètifye (International Association of Certified Home Inspectors, InterNACHI®).



Enspeksyon an 4 Pwen

Yon enspeksyon an 4 pwen se yon evalyasyon espesyalize sou yon pwopriyete ke konpayi asirans pou kay nan Florid souvan mande lè y ap bay oswa renouvle yon kontra asirans.

Yon enspeksyon kat pwen konsantre sou 4 sistèm kle nan pwopriyete a:

- Do kay
- Plonbri
- Elektrik
- Chofaj, vantilasyon ak è kondisyone (Heating, Ventilation, and Air Conditioning, HVAC)

Objektif prensipal li se evalye eta ak sekirite sistèm sa yo pou detèmine si pwopriyete a ka jwenn asirans.


Kisa yon enspeksyon an 4 pwen ye?

Kontrèman ak yon [enspeksyon kay konplè](#), yon enspeksyon an 4 pwen limite ak evalyasyon sistèm sa yo sèlman:



Do kay

Evalyasyon tip do kay la, laj li, eta li, ak nenpòt siy vizib domaj oswa deteryorasyon. Pou egzanp, yon konpayi asirans ka mande dokiman ki konfime omwen senk ane lavi itil ki rete pou do kay ki gen plis pase 15 ane (dra) oswa 20 ane (tòl oswa twil).



Sistèm elèktrik

Evalyasyon tip fil elektrik yo, eta pano elektrik la, epi idantifye nenpòt danje pou sekirite tankou fil ki ekspozè oswa eleman ki demode.



Sistèm plonbri

Enspeksyon chofè dlo a ak laj li; tip plonbri a, ki gen ladann kalite tiyo yo; epi tcheke pou flit oswa lòt pwoblèm. Enspeksyon an mansyone tou si sistèm plonbri a te mete ajou oswa si yo te chanje tiyo yo.



Sistèm HVAC

Revizyon laj ak eta sistèm chofaj, vantilasyon ak kondisyonè (HVAC) a, estati fonksyònman li, epi nenpòt domaj ki vizib. Enspeksyon an tcheke tou recho ki mache ak bwa oswa chemine gaz santral, epi si yon pwofesyonèl te enstale yo.

Konpayi asirans yo anjeneral gen kritè espesifik pou evalye chak nan 4 sistèm yo, e menm si yo sanble an jeneral, ka gen ti diferans nan sa chak konpayi ap chèche nan yon rapò enspeksyon kat pwen. Anjeneral, yon enspèkte ki gen eksperyans ta dwe byen konnen sa pifò konpayi asirans mande pou yo ka bay yon estimasyon pou pwoteksyon asirans.

Poukisa yo egzije li?

Gen kèk konpayi asirans ki egzije enspeksyon kat pwen pou yo ka evalye risk ki asosye ak asire yon kay. Lè kay yo pran laj, risk pou sistèm yo echwe ogmante, sa ki ka lakòz reklamasyon ki koute chè. Lè yo evalye eta 4 sistèm esansyèl sa yo, konpayi asirans yo ka detèmine si yon pwopriyete satisfè estanda asirans yo.

Kisa enspeksyon an enkli?

Yon pwofesyonèl enspeksyon ki gen lisans nan Florid (tankou yon enspektè kay, yon kontraktè jeneral, rezidansyèl oswa kontraktè konstriksyon) se li ki reyalize enspeksyon kat pwen an, epi li bay enfòmasyon detaye sou laj, tip, ak eta chak sistèm.

Rapò enspeksyon an ta dwe gen foto sa yo ladan li:

- ◆ Chak bò kay la
- ◆ Chak pant do kay la
- ◆ Chofaj dlo, tiyo/oswa drenaj anba kabinè ak tiyo ki ekspozè
- ◆ Pano elektrik ouvè ak pòt yo
- ◆ Ekipman HVAC ak plak fabrikan an mete ki gen dat
- ◆ Nenpòt danje odes defisyan yo te remake

Egzijans foto sa yo ede konpayi asirans yo verifike eta pwopriyete a epi idantifye risk potansyèl.

Kijan pou verifike kalifikasyon yon enspektè

Enspeksyon an dwe fèt epi siyen pa yon pwofesyonèl ki gen lisans nan Florid epi ki ka verifike, tankou yon kontraktè jeneral, rezidansyèl, oswa yon kontraktè konstriksyon oswa yon enspektè kay.



Ou ka jwenn yon enspektè lokal lè ou chèche nan repètwa InterNACHI pou Florid la: www.NACHI.org/Certified-Inspectors/Browse/US/Florida.



Pou verifike lisans yon kontraktè oswa yon enspektè, ale sou sitwèb Depatman Regilasyon Biznis ak Pwofesyonèl Florid la (Florida Department of Business and Professional Regulation): www.myfloridalicense.com.



Ou ka jwenn tou si enspektè a genyen lòt tit pwofesyonèl, tankou Certified Master Inspector® (CMI®), ki se youn nan pi gwo rekonesans pwofesyonèl nan sektè enspeksyon an: www.CertifiedMasterInspector.org.

Si ou bezwen plizyè sèvis, mande si enspektè a gen lòt lisans tou. Gen kèk enspektè ki gen sètifikasyon adisyonèl ki pèmèt yo fè enspeksyon ki depase enspeksyon an 4 pwen an. Egzanp kalifikasyon sa yo gen ladan yo: operatè kontwòl ensèk, evalyatè mwazi, oswa teknisyen radon.

Ou ka mande referans, pale ak yo, epi li kòmantè sou entènèt anvan ou anboche yon enspektè.

Konbyen tan yon enspeksyon an 4 pwen dire?

Yon enspeksyon an 4 pwen ki fèt pa yon pwofesyonèl enspeksyon ki gen lisans ta dwe, anjeneral, pran apeprè yon èdtan. Si enspeksyon an dire anpil mwens pase yon èdtan, sa ka vle di enspektè a pa t fè travay li a fon.

Konbyen enspeksyon an koute?

Pri yon enspeksyon an 4 pwen varye selon pwofesyonèl ki fè enspeksyon an, mache lokal la, zòn kote pwopriyete a ye, kantite pye kare kay la, elatriye. Si enspeksyon an fèt ansanm ak yon enspeksyon kay oswa lòt sèvis, pri a ka enkli nan yon pri pake total. Men, si enspeksyon an fèt kòm yon sèvis endepandan, pri enspeksyon an anjeneral ka varye ant \$100 ak \$300.

Ou ka chwazi mande estimasyon pri nan men plizyè pwofesyonèl enspeksyon ki gen lisans ak kalifikasyon pou asire pri a konparab.

Lòt konsiderasyon


Validite enspeksyon an



Anjeneral, rapò enspeksyon kat pwen an dwe date nan 30 dènye jou yo anvan dat soumèt aplikasyon pou asirans lan; sepandan, chak konpayi asirans fikse pwòp delè yo konsidere kòm akseptab. Verifye delè a ak konpayi asirans lan oswa ajan asirans ou.

Enpak potansyèl sou kalifikasyon pou asirans

Toudepannde sa yo jwenn pandan enspeksyon an, pwopriyetè kay la ka bezwen fè reparasyon anvan yon konpayi asirans dakò pou bay yon polis. Li esansyèl pou w adrese nenpòt danje oswa defisyan yo idantifye san pèdi tan.



Konprann enpòtans ak eleman yon enspeksyon kat pwen ka ede pwopriyetè kay yo satisfè egzijans asirans epi kenbe sekirite ak entegrite pwopriyete yo.

Pou plis enfòmasyon sou enspekte kay ak enspeksyon, vizite sitwèb [Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl](#) oswa sit [InterNACHI®](#).



www.NACHI.org



www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

  @YourFLVoice